



Lekòl leta Vil Nouyòk: Sal klas mond lan

Chè Nouyòkè,

Sistèm lekòl nou an se pi gwo sistèm nan peyi a, kidonk li pa ta dwe etonan pou edikatè, fanmi ak lidè atravè peyi a enterese nan sa k ap pase nan lekòl leta Vil Nouyòk (New York City Public Schools, NYCPS). Men, se pa sèlman moun nan peyi a k ap gade sa nou ap fè—kominote entènasyonal la gen je sou lekòl nou yo tou!

Èske w te konnen pou ane 2023 a sèlman, nou te akeyi vizitè ki reprezante plis pase 20 peyi diferan, soti Brezil an janvyè jiska Moldavi jis semèn pase a? Vizitè sa yo gen ladan reprezantan ofisyèl gouvènman, minis edikasyon, anbasadè, ak edikatè k ap chèche aprann nan sa n ap fè pa bò isit la nan NYCPS. Vizit yo se yon opòtinite tou pou nou pataje pi bon metòd, bati koneksyon, epi aprann de lòt peyi ak kilti yo.

Vizitè entènasyonal nou yo montre interè yo nan divès varyete sijè, tankou pwogram an de lang (Itali), karyè ak edikasyon teknik (Kazakhstan), ak teknoloji edikasyon (Island). Nan yon sistèm lekòl ki gwo tankou pa nou an, pa manke okenn opòtinite pou kouvri tout sijè sa yo, ak plis ankò.

Pa egzanz, mwa pase a yon delegasyon ki soti Thailand te vizite de nan lekòl nou yo ki bay ansèyman pou moun ki bèbè/soud (American Sign Language, ASL). Nan lekòl segondè “47” The American Sign Language and English Secondary School, ki bay sèvis pou elèv ki soud, ki mal pou tandè, ak elèv ki ka tandè ak pale, delegasyon an te aprann sou “voice off days” (jou moun pa pale), kote kominikasyon ant tout elèv ak anplwaye fèt nèt nan ASL.

Nou te gen tou yon delegasyon ki soti Filipin, ki te vizite de nan pwogram pou debitan (early childhood) nou yo ki nan Bronx. Delegasyon an te aprann sou modèl/sistèm pou debitan nou an, ki gen ladan apwòch nou nan kourikoulòm, evalyasyon, ak aprantisaj pwofesyonèl, epi Majistra Biñan te dekri vizit la kòm "life changing" (chanje fason w viv). Li di eksperyans sa a te enfliyanse travay li lè li retounen nan peyi l.

Lè m reflechi sou moman sa yo, mwen rekonesan pou devouman estaf nou yo ak patenarya fanmi nou yo—ansanm, n ap fè Vil Nouyòk tounen yon modèl edikasyon ekselans ak modèn, yon modèl ki afekte elèv ak kominote atravè mond lan.

Plane wo,

David C. Banks

Chanselye

Videyo aktyalite nou an:



Pou tradiksyon, tanpri ale sou [Paj YouTube](#) nou an.

Suiv nou sou entènèt nan [X](#), [Facebook](#), ak [Instagram](#) pou jwenn nouvèl sou NYCPS ki pi resan an.

Epi men [videyo Majistra Eric Adams pou semèn lan](#). Si w enterese resevwa nouvèl ki soti dirèkteman nan Biwo Majistra a, [tanpri klike la a](#).

Pou jwenn aksè nan soutit ki tradui: Klike sou ikòn “CC”. Klike sou ikòn “Setting” epi chwazi “Subtitles/CC” (“soutit/CC”). Seleksyone “Auto Translate” (“Tradiksyon otomatik”) epi chwazi lang ou an.

Fanmi NYCPS: Si w pa vle resevwa bilten nouvèl PS+You ankò, tanpri [retire non w sou lis la](#).